**आकाशवाणी, गोरखपुर**

**दिनांक–10 मार्च 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस सरकार के मंत्रिपरिषद क बइठकी आजु लखनऊ के लोकभवन में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के अध्यक्षता में भइल। बइठकी में ओन्नइस गो खास प्रस्ताव के मंजूरी दीहल गइल। मंत्रिपरिषद के बइठकी के बादे वित्त अउर संसदीय कार्य मंत्री सुरेश खन्ना बतवलें कि स्वास्थ्य, सिक्षा, परिवहन, सहरी विकास अउर कर्मचारी कल्याण से जुड़ल प्रस्तावन पर खास निर्णय लिहल गइल। उहां के स्टाम्प पेपर के ले के मंत्रिपरिषद क खास फैसिलन क जनकारी देत बतवलें कि मंत्रिपरिषद दस हजार से पचीस हजार तक ले क भौतिक स्टाम्प पेपर के चलन से बहरे कइले क फैसिला लिहले हवे।

***दस हजार से लेकर पच्चीस हजार तक के मूल्य वर्ग के भौतिक स्टाम्प जो निष्प्रयोज्य, चलन से बाहर घोषित करने हेतु व्यवस्था निर्धारित करने के लिए शासनादेश निर्गत किये जाने के सम्बंध मे है। ये मैटर काफी दिनो से पेंडिंग था इस पर भी आज मंत्रीपरिषद की सहमति मिल गयी। अब ई स्टाम्प के माध्यम से ही आप लोगों की सेवा हो सकेगी।***

संसदीय कार्य मंत्री बतवलें कि पुरान स्टाम्प एकतीस मार्च दुइ हजार पचीस ले मान्य होइहें, ओकरे बाद एके मंजूर नाहीं कइल जाई। ई फैसिला स्टाम्प प्रणाली में पारदरसिता ले अइले अउर गड़बड़ियन के रोके खातिर लिहल गइल हौ।

**********

मंत्रिपरिषद प्रदेस में सतरह मार्च से पनरह जून ले गोहूं खरीदि के प्रस्तावो के मंजूरी दे दिहले हवे। येह बारे में वित्त अउर संसदीय कार्य मंत्री सुरेश खन्ना बतवलें कि गोहूं खरीदि बदे खाद्य विभाग क विपणन साखा के ले के कुलि आठ गो एजेंसियन की ओरि से प्रदेस भर में करीब छौ हजार पांच सौ खरीदि केन्द्र बनावल जाई। केन्द्र सरकार की ओरि से रबी विपणन बरिस दुइ हजार पचीस–छब्बीस बदे गोहूं क समरथन मूल्य दुइ हजार चारि सौ पचीस रूपिया प्रति कुंतल घोसित कइल गइल हवे।

**********

मंत्रिपरिषद के बइठकी में बलिया जिला में मेडिकल कॉलेज बनावे बदे चउदह दसमलव सुन्न पांच एकड़ जमीनि के मुफ्त हस्तांतरित करे क मंजूरी दीहल गइल। ई जमीनि जिला कारागार से चिकित्सा सिक्षा विभाग के हस्तांतरित कइल गइल हौ। बलिया जिला के मेडिकल कॉलेज क नामकरण स्वतंत्रता संग्राम सेनानी चित्तू पाण्डेय के नांव पर कइल जाई।

**********

राज्य स्मार्ट सिटी योजना के दुइ सालि बदे बढ़वले क फैसिला प्रदेस मंत्रिपरिषद के बइठकी में लिहल गइल। ई योजना गोरखपुर के ले के प्रदेस के सज्जो सतरह गो नगर निगम बदे लागू होई।

**********

बजट सत्र क दुसरका चरण के पहिला दिन्ने आजु लोकसभा में केन्द्रीय वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन बरिस दुइ हजार चउबीस–पचीस बदे दुसरका चरण क अनुपूरक अनुदान मांग पेस कइलिनि। बजट सत्र क ई चरण चारि अपरैल ले चली जेहमें बीस बइठकी होई।

**********

राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आजु बनारस के कमिस्नरी सभागार में आंगनबाड़ी कार्यकर्ता लोगिन के पोसण किट अउर खेलि क समान बंटलिनि। येह मौका पर उहां के सिक्षा के क्षेत्र में बढ़ियां कार करे बदे लोगिन के सम्मानितो कइलीं।

**********

आजु प्रदेस के सज्जो प्रमुख सनातन धर्म स्थलन पर रंगभरी एकादसी मनावल जा रहल हवे। रंगभरी एकादसी के तिउहार पर आजु बनारस के श्रीकाशी विश्वनाथ धाम में उत्सव क माहौल बनल हवे। येह मौका पर आजु बाबा विश्वनाथ अउर माता पार्वती क गवना पारम्परिक तरीका से उछाह के साथे कइल गइल। सुख–सान्ति अउर समृद्धि के कामना साथे माता गौरी क पालकी महंत आवास से लोकाचार के बाद विश्वनाथ मंदिर बदे रवाना भइल। रंगभरी एकादसी के दिन्ने भक्त बाबा विश्वनाथ के साथे होली खेलि के रंगोत्सव क सुभारम्भ करे लें।

रामनगरी अजोध्यो में रंगभरी एकादसी पर आजु होली तिउहार क सुरूआत हो गइल। हनुमानगढ़ी परिसर में रंग के बिच्चे आस्था क ज्वार देखाई दिहल। येह मौका पर साधु–संत हनुमानगढ़ी के निसान के साथे जलूस निकरलें। अजोध्या के मंदिरन में साधु–संत देव विग्रहन के साथे होली खेललें। ओहर पहिले से रंगोत्सव में डूबल मथुरो में रंगभरी एकादसी धूमधाम से बनावल गइल।

**********

होली तिउहार पर पूरबी उत्तर प्रदेस अउर बिहार क यात्रियन के सुविधा बदे रेलवे प्रसासन मुजफ्फरपुर अउर आनंद विहार टर्मिनल के बिच्चे एक जोड़ी बिसेस गाड़ी चलवले क फैसिला लिहले हौ। ई स्पेसल ट्रेन मुजफ्फरपुर से आजु से एकतीस मार्च ले सोम्मार अउर बियफे के चली जबकि आनंद विहार टर्मिनल से बिहने से एक अपरैल ले मंगर अउर सुक्क के ई गाड़ी चलावल जाई।

**********

बस्ती जिला के नगर थान्हा इलाका में लखनऊ राष्ट्रीय राजमार्ग पर आजु भिन्नहीं ट्रक अउर कार के सोझे टक्कर में कार सवार पांच जने क मउति हो गइल आ तीनि जने अउरियो गम्हिराहे घाही हो गइलें। घाही लोगिन के इलाज बदे अस्पताल में भरती करावल गइल हवे। सड़कि हादसा क जनकारी भइले पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोक–संतप्त परिजनन के प्रति संवेदना जतवले हवें। उहां के अधिकरियन के घाही लोगिन के बढ़ियां उपचार करवले क निरदेस दिहले हईं।

**********